**Адабиётлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. Т. 1. -Т.: 2018.
2. Olimov M.S., To'xtaboyev N.T., Soliyev I.R., Ortiqov X.T. O'rta va uzoq masofaga yugurish uslubiyati. -T.: 2016. 154- b.
3. Olimov M.S., Shakirjanova K.T., Rafiyev H.T., Toʻxtaboyev N.T., Smurigina L.V. Yengil atletika nazariyasi va uslubiyati / darslik. T.: 2018. - 872 b.
4. Olimov M.S., Shakirjanova K.T., Rafiyev H.T., Smuriygina L.V., Toʻxtaboyev N.T. Yakkakurash, koordinatsion va siklik sport turlari "Yengil atletika". / darslik. -T.: 2018. 376- b.
5. Тер-Ованесян, И. А. Подготовка легкоатлета: современный взгляд. - М.: Терра спорт, 2000. 176-б.
6. Рузамухамедов К.Ф., Тўхтабоев Н.Т. Етакчи ўзбек баландликка сакровчиларининг сакраш техникаси ҳусусиятлари ва ўзгарувчанлиги. // «Енгил атлетикани ривожлантиришнинг долзарб ва замонавий муаммолари» халқаро илмий-амалий анжумани 2020 йил 29-30 май, 67-72-б.
7. Ruzamukhamedov K. Tukhtaboev N. Features and variability of jumping techniques of leading uzbek high jumpers: Academia science. Vol. 2, Iss. 7, 2021. -P. 97-103.
8. Хўжамкелдиев Ғ.С. Мамалакатимизда хотин-қизлар спорти ривожланмоқда. // "Жисмоний тарбия ва спорт назарияси ва услубиётини ривожлантиришнинг замонавий тенденциялари" номли халқаро илмий амалий маърузалар тўплами. 2019. 312-314-б.
9. Шур М.М. Прыжок в высоту. Учебно-методическое издание / М. Шур. – М.: Терра-Спорт, 2003. 144- б.
10. Шустов А.А. Специальная подготовка высококвалифицированных прыгунов в высоту при использовании скоростного стиля «Фосбюри-флоп»: дисс. … к.п.н. / А.А. Шустов. - М.: 2020. 59, 74, 88-90-б.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада баландликка сакровчи қизларни жисмоний тайёргарлиги бўйича назорат тестлари натижалари олинган ва таҳлили қилинган бўлиб, спортчиларнинг жисмоний тайёргарлиги кўрсаткичларини яхшилашга қаратилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье получены и проанализированы результаты контрольных испытаний физической подготовленности девушек-прыгунов в высоту, направленных на улучшение физической подготовленности спортсменок.

**SUMMARY.** This article is obtained and analyzed the results of control tests of the physical fitness of female high jumpers, aimed at improving the physical fitness of athletes, were

## MEKTEPLERDE OQIWSHILARDIŃ DÓRETIWSHILIK QÁBILETIN RAWAJLANDIRIWDA STEAM TÁLIMINIŃ ÁHMIYETI

**G.Zarımbetova** – *assistent oqıtıwshı*
**N.Maksetova** – *stajyor oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch soʻzlar:** ijodkorlik, innovatsiya, investitsiya, STEAM dasturi.
**Ключевые слова:** творчество, инновация, инвестиция, программа STEAM.
**Key words:** creativity, innovation, investment, STEAM program.

Jaslardıń intellektuallıq hám dóretiwshilik potencialın rawajlandırıw, intalı balalardı qollap-quwatlaw hám xoshametlew ushın zárúr shárt-shárayatlardı jaratıw, olardıń huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyatı dárejesin kóteriw xalıq tálimi tarawındaǵı mámleket siyasatınıń eń zárúrli baǵdarlarınan biri esaplanadı.

Mámlekettiń keleshektegi jedel rawajlanıwı jas talantlardı anıqlaw, intalı balalardı tańlap alıw hám oqıtıw sistemasın shólkemlestiriw, ósip kiyatırǵan áwladtıń intellektuallıq múmkinshiliklerin júzege shıǵarıwǵa járdem beretuǵın kóp tarmaqlı tálim ortalıǵın jaratıw boyınsha jumıslar sapasın asırıw zárúrshiligin talap etpekte.

Maqsetimiz «Millettiń xalıq aralıq olimpiyadalarda, tańlawlarda jeńimpaz bolatuǵın hám dúnyanıń eń jaqsı joqarı oqıw orınlarına kire alatuǵın keleshektegi jetekshilerin, oqıwshıların tayarlaw. Biz jáhán maydanında básekige shıdamlı bola alatuǵın jetekshilerdi tárbiyalaymiz» deydi Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev [1.1]

Intalı balalardı anıqlaw, tálim processinde aldıńǵı texnologiyalardı qollaǵan halda olardı oqıtıw hám tárbiyalaw boyınsha pútin sistema jaratıw, uqıplı jaslardı jáne de qollap-quwatlaw hám xoshametlew, mánáwiy jetik hám intellektuallıq tárepten bárkámal áwladtı qáliplestiriw, sonıń menen birge, 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes ústin turatuǵın baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasın "Jedel investiciyalar hám social rawajlanıw jılı"nda ámelge asırıwǵa tiyisli Mámleket dástúrine muwapıq tómendegiler Prezident mektepleriniń tiykarǵı wazıypaları etip belgilengen edi:

- qábiletli balalardı anıqlaw, tańlaw hám oqıtıw, olardıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın shárt-shárayatlar jaratıw, sonıń menen birge, oqıwshılardıń intellektuallıq, ilimiy hám dóretiwshilik potencialın ashıp beriw;

-tábiyiy hám anıq pánlerdi tereń úyreniw, shet tiller, injenerlik hám informaciya texnologiyaların ózlestiriwdi shólkemlestiriw, oqıwshılardıń innovaciyalıq ideyaları hám islenbelerin rawajlandırıw ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw;

- oqıwshılardı oqıtıw hám olardıń bilimin bahalawdıń zamanagóy usılların, sonıń menen birge, tálim dástúrleriniń integraciyalasıwına tiykarlanǵan oqıtıwdıń pánler aralıq jantasıwın engiziw hám keyinirek unamlı tájiriybeni respublika xalıq tálimi sistemasına qollanıw;

- oqıwshılardı kásip-ónerge baǵdarlaw, olarda jetekshilik kónlikpeleri hám oratorlıq ónerin rawajlandırıw, sın pikirlew, informaciyanı izlew, analiz qılıw hám qayta islew, alınǵan bilimlerdi ámeliyatta qollaw mamanlıǵın asırıw;

- oqıwshılarda patriotlıq hám watanǵa muhabbat sezimin, tolerantlıq, nızamlar, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa húrmet penen múnásibetti, turmısqa qatań isenim hám qaraslardı qáliplestiriw bolıp esaplanadı [1.2].

Álbette, zamanagóy mektep – bul sońǵı jıllarda elimizde tálim sistemasında bolıp ótken kólemli ózgerislerdiń nátiyjesi. Usı maǵanada tálim tek sociallıq turmıstıń bir bólegi ǵana bolıp qalmastan, al onıń avangardı: onıń qaysı bir kishi sisteması tap usınday dárejede jańalıqlar hám eksperimentlerdiń sonday bir mol bolıwında ilgeri rawajlanıw faktin tastıyıqlay almasa kerek. Jámiyettegi bilimlendiriwdiń roliniń ózgeriwin inovaciyalıq proceslerdiń úlken bólimi támiyinledi.

STEAM tálim texnologiyası mektep oqıwshıların jańasha oqıtıw metodikası bolıp, dástúriy oqıtıw metodikasınan ayrıqsha metodika esaplanadı. Ol oqıwshılardı bir waqttıń ózinde tórt - pán (Science), texnologiya (Technology), injenerlik, (Engineering), súwretlew óneri (Art), matematika (Math) boyınsha oqıtıwǵa mólsherlengen. STEAM pán boyınsha emes, bálkim temalar boyınsha integraciyalasqan oqıtıw sisteması bolıp tabıladı. Eger usı qısqartılǵan sózdi tarqatqanda, tómendegishe beriledi: **STEAM** – bul S - science, T - technology, E-engineering, A- art hám M -math. Ingliz tilinde bul usılay túsindiriledi: tabiyiy pánler, texnologiya, injenerlik, kórkem-óner hám matematika. Usı baǵdarlar zamonagóy dúnyada eń joqarı dárejede eken. Sonıń ushın búgingi kúnde STEAM sisteması tiykarǵı tendenciyalardan biri sıpatında rawajlanbaqta. STEAM talimi baǵdarları hám ámeliy qatnasta qollanıw, sonday–aq,barlıq bes tarawdı bilimlendiriw sistemasına integratsiyalawǵa tiykarlanǵan.

STEAM tálimi ámeliy shınıǵıwlar járdeminde ilimiy-texnikalıq bilimlerdi real turmısda qollaw túsiniledi.

Prezident mekteplerinde "STEAM" tálim dástúri tiykarında oqıw shólkemlestiriliwi, 9-11-klaslarda oqıwshılar ózleriniń qızıǵıwshılıǵına qaray ayırım pánlerdi tańlaw arqalı individual bilim alıw múmkinshiliginde iye-lewi menen ulıwma bilim beriw mekteplerinen túpten parıq qıladı. Sebebi Prezident mektepleriniń tiykarǵı wazıypalarınan biri - tábiyiy hám anıq pánlerdi tereń oqıtıw, oqıwshılardıń innovaciyalıq bilimlerdi ózlestiriwi, olardıń intellektuallıq, ilimiy-dóretiwshilik potenciallarын ashıp beriw hám rawajlandırıwdan ibarat.

STEAM dástúri jantasıwına tiyisli sabaqlıq hám oqıw qollanbaları Cambridge University Press, sonday-aq Oxford University Press hám Collins sıyaqlı abıroylı baspalar tárepinen baspadan shıǵarılǵan. Cambridge usınıs qılıp atırǵan oqıw dástúriniń tiykarǵı abzallıǵı jáhán miynet bazarındaǵı principlerden kelip shıǵıp, oqıwshılarda tiyisli zamanagóy bilim hám kónlikpelerdi qáliplestiriw bolıp tabıladı.

Oqıwshılarǵa usı pánlerdi oqıtıwda maman jergilikli oqıtıwshılar menen bir qatarda, shet ellik oqıtıwshılar da sheriklikte sabaq beredi. Joqarı maman shet el qánigelerdi jumısqa shaqırıwda usı jóneliste kóp jıllıq tájiriybege iye "Teachaway" (Kanada ) hám "TIC Recruitment" (Ullı Britaniya ) rekruting kompaniyaları menen sheriklikte jumıslar ámelge asırılıp atır.

9-11-klass oqıwshılarınıń qızıǵıwshılıqları hám qásiyetlerine qaray, Prezident mektebinde tálim oqıw procesin individualizaciya etilgen halda alıp barıladı.

Prezident mektepleri pitkeriwshileri belgilengen tártipte mámleket tárepinen tastıyıqlanǵan gúwalıq, attestat menen bir qatarda, xalıq aralıq abıraylı joqarı oqıw orınlarına kiriw ushın tayarlanadı.

Bunday sistema balalarǵa jaratılǵan rawajlanıw ortalıǵında turaqlı túrde bolıw imkaniyatın bergeni sebepli, tálimniń eń nátiyjeli formalarınan biri esaplanadı. Bunday sharayatta balalar óz uqıpları hám qábiletlerin maksimal dárejede asırıw múmkinshiligine iye boladı.

Prezident mektebı qánigelestirilgen mámleketlik ulıwma bilim beriw shólkemi esaplanıp, onıń háreketi joqarı maman qánigelerdi tayarlaw ushın qábiletli balalardı anıqlaw hám oqıtıwdı támiyinlewge qaratılǵan. Sonlıqtan da, Prezident mektebi Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 20fevraldaǵı «Prezident mekteplerin shólkemlestiriw ilajları haqqında»ǵı PQ-4199-qararı tiykarında Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında shólkemlestirildi, 2019-jılda Prezident mektep-internatları Tashkent, Xiywa, Nókis hám Namanganda ashıldı. Prezident mektepleriniń dáslep sheklengen muǵdarda dúziliwi bul mekemelerdi basqarıw ushın ulıwma jańa modeldi sınap kóriw zárúrligi menen baylanıslı. Prezident mekteplerinde biypul ulıwma orta bilim beriledi [1.2].

Prezident mekteplerin shólkemlestiriwdegi tiykarǵı maqset tálim processinde jedel texnologiyalardı qollaw arqalı qábiletli balalardı anıqlaw hám oqıtıw sistemasın qáliplestiriw, sonıń menen birge, qábiletli jaslardı qollap-quwatlaw hám xoshametlew, ruwxıy bay hám intellektuallıq rawajlanǵan áwladtı tárbiyalaw kepilliklerin támiyinlewden ibarat boldı.

Prezident mektebi háreketiniń tiykarǵı wazıypaları hám ústin turatuǵın baǵdarları:

- qábiletli balalardı anıqlaw, tańlaw hám oqıtıw, olardıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın shárt-shárayatlar jaratıw, sonıń menen birge oqıwshılardıń intellektuallıq, ilimiy hám dóretiwshilik potencialın ashıp beriw;
- tábiyiy hám anıq pánlerdi tereń úyreniw, shet tiller, injenerlik hám informaciya texnologiyaların ózlestiriwdi shólkemlestiriw, oqıwshılardıń innovaciyalıq ideyaları hám islenbelerin rawajlandırıw ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw;
- oqıwshılardı oqıtıw hám olardıń bilimin bahalawdıń zamanagóy usılların, sonıń menen birge tálim dástúrleriniń integraciyalasıwına tiykarlanǵan oqıtıwdıń pánler aralıq jantasıwın engiziw hám keyinirek unamlı tájiriybeni respublika xalıq tálimi sistemasına qollanıw;
- oqıwshılardı kásip-ónerge baǵdarlaw, olarda jetekshilik kónlikpeleri hám oratorlıq ónerin rawajlandırıw, sın pikirlew, informaciyanı izlew, analiz qılıw hám qayta islew, alınǵan bilimlerdi ámeliyatta qollaw boyınsha mamanlıǵın asırıw ;
- oqıwshılardıń ulıwma bilim beriw pánleri boyınsha xalıq aralıq olimpiadalar, tańlawlar hám jarıslarda múnásip qatnasıwın támiyinlew;
- oqıwshılarda patriotlıq hám watanǵa muhabbat sezimin, tolerantlıq, nızamlar, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa húrmet sezimin, turmısqa qatań isenim hám qaraslardı qáliplestiriw;
- oqıw dástúrleriniń úzliksizligin támiyinlew máselelerinde usı baǵdardaǵı milliy hám shet el ulıwma orta hám joqarı bilimlendiriw mekemeleri menen sheriklikti jolǵa qoyıw, pitkeriwshilerdiń aldıńǵı shet el joqarı oqıw orınlarında hám olardıń respublikamızdaǵı filiallarında oqıwın dawam ettiriw bolıp esaplanadı [1.3].

Solay eken, házirgi dáwir talabı bilmlendiriw processinde jedel texnologiyalardı qollaw arqalı qábiletli balalardı anıqlaw hám oqıtıw sistemasın qáliplestiriw, sonıń menen birge, qábiletli jaslardı qollap-quwatlaw hám xoshametlew, ruwxıy bay hám intellektuallıq rawajlanǵan áwladtı tárbiyalaw kepilliklerin támiyinlewden ibarat bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyaev 2019-jıl 20-fevraldaǵı «Prezident mekteplerin shólkemlestiriw ilajları haqqında»ǵı PQ-4199 –qararı.

2. 2017- 2021- jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes ústin turatuǵın baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası.

3.Yunusova D.I. Oliy ta'limda matematika fanlarini o'qitish metodikasi‖ moduli bo'yicha o'quv –uslubiy majmua. -T.: 2016. 397-b.

4. http://www.ziyonet.uz. - Ijtimoiy axborot ta'lim portal.

**REZYUME.** Maqolada uzluksiz ta'lim jarayonida zamonaviy oʻqitish texologiyalaridan foydalanish ва STEAM dasturi asosida oʻquvchlarning ijodiy qobiliyatini aniqlash masalalari bayon qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается использование современных технологий обучения в процессе непрерывного образования и выявление творческих способностей учащихся по программе STEAM.

**SUMMARY.** The article discusses the use of modern learning technologies in the process of continuous education and the identification of students' creative abilities by the STEAM program.